



**Mesaj Prezidan
Henry B. Eyring**

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan

Vwa Senyè a

Doktrin ak Alyans envite tout moun toupatou vin koute vwa Senyè Jezikri (gade D&A 1:2, 4, 11, 34; 25:16). Li ranpli ak mesaj, avètisman, ak egzòtasyon ankourajan Li bay pwofèt Li chwazi yo pa revelasyon. Nan revelasyon sa yo nou kapab wè kijan Bondye kapab reponn priyè lafwa nou yo avèk mesaj enstriksyon, lapè, ak avètisman.

Nan priyè nou yo, nou chèche konnen kisa Bondye ta renmen nou fè, kisa nou ta dwe fè pou nou ka jwenn lapè ak bonè nan lavi sa a ak nan lavi apre a, ak kisa k ap tann nou pi devan. Doktrin ak Alyans yo ranpli avèk repons pou kesyon sa yo ke moun òdinè ak pwofèt yo poze nan lapriyè imilite. Li ka yon gid presye pou anseye nou kijan pou nou resevwa repons pou kesyon sou byennèt tanporèl nou ak sali etènèl nou.

Imilite ak lafwa nan Lesenyè Jezikri se kle. Oliver Cowdery te resevwa yon repons nan men Senyè a konsènan dezi li pou te ede nan tradiksyon Liv Mòmmon an: “Sonje, san lafwa, ou pa kapab fè anyen; se poutèt sa, mande avèk lafwa. Pa jwe avèk bagay sa yo; pa mande bagay ou pa dwe mande” (D&A 8:10).

Anpil fwa nan Doktrin ak Alyans yo, Senyè a mande lafwa ak imilite anvan Li bay èd Li. Youn nan rezon pou bagay sa a sèke repons Li gen dwa pa vini nan fason nou atann nan. Ni nonplis yo pap toujou fasil pou aksepte.

Istwa Legliz la ak eksperyans zansèt nou yo demontre reyalyite sa a. Gran gran papa m, Henry Eyring, te priye

anpil pou l te konnen kisa pou l te fè lè l te tande y ap anseye levanjil retabli a an 1855. Repons la te vini nan yon rèv.

Li te reve ke l te chita sou yon tab avèk Èldè Erastus Snow ki te nan Kolèj Douz Apot yo ansanm avèk yon èldè ki te rele William Brown. Èldè Snow te anseye prensip levanjil yo pandan apeprè inèktan.; Apre sa Èldè Snow te di: “Nan non Jezikri, mwen kòmande ou pou ou batize epi mesye sa a [Èldè Brown] . . . va batize ou.”¹ Fanmi m rekonesan dèske Henry Eyring te gen ase lafwa ak imilite pou l te aksepte Èldè Brown batize l vè 7:30 nan demem maten nan yon basen dlo lapli nan St. Louis, Missouri, nan Etazini.

Se pa tande l te tande Senyè a pale avèk li kòm repons pou priyè l la. Repons la te vini nan yon vizyon ak rèv nan lannuit la, menm jan sa te fèt pou Leyi (gade 1 Nefi 8:2).

Senyè a anseye nou ke repons yo kapab vini sou fòm santiman tou. Nan Doktrin ak Alyans yo, Li te anseye Oliver Cowdery: “Gade, m ap pale avèk ou nan lespri ou ak nan kè ou, atravè Sentespri a, ki pral vini sou ou epi ki pral rete nan kè ou” (D&A 8:2).

Epi li te ankouraje Oliver nan fason sa a: “Èske pa t pote lapè nan panse ou konsènan bagay sa a? Ki pi gwo temwayaj ou kapab resevwa nan men ondye?” (D&A 6:23).

Doktrin ak Alyans yo, istwa Legliz la, ak istwa Henry Eyring te ekri sou misyon li jis apre batèm ni an anseye

m ke nou kapab resevwa repons sou fòm avètisman oswa santiman lapè.

An Avril 1857, Èldè Parley P. Pratt nan Kolèj Douz Apot yo te ale nan yon konferans nan kote ki rele Oklaoma a kounyeya nan Etazini. Henry Eyring te ekri apwopo Eldè Pratt: “lespri li te ranpli ak panse dekourajan . . . , li pa t kapab disène lavni ni okenn fason pou chape anba sityasyon an.”² Imedyatman apre, Henry te ekri nouvèl tris mati Apot la. Èldè Pratt te kontinye vwayaj li malgre santiman danje l te santi yo, menmjan Pwofèt Joseph te fè lè l ta prale nan kote ki rele Carthage la.

Temwayaj mwen sèke Senyè a toujou reponn priyè ki fèt nan lafwa ak imilite. Doktrin ak Alyans yo ak eksperyans pèsonèl nou anseye nou kijan pou nou rekonèt repons sa yo ak aksepte yo ak lafwa, keseswa yo se direksyon, konfimasyon laverite, oswa yon avètisman. Mwen priye pou nou toujou koute ak rekonèt vwa emab Senyè a.

NÒT

1. “The Journal of Henry Eyring: 1835–1902” (maniskri ki pa pibliye ki nan men otè a).
2. “The Journal of Henry Eyring: 1835–1902”

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

1. Konsidere pou ou li paragaf osijè lapriyè a ki nan mesaj sa a ansanm ak fanmi an. Pandan w ap li, mande manm fanmi an pou yo byen koute pou wè fason Bondye reponn priyè yo. Konsidere pou ou temwaye sou enpòtans lapriyè.

2. Doktrin ak Alyans yo ranpli ak repons pou kesyon moun poze nan lapriyè yo. Kouman sa tap ye si repons yo resevwa pou kesyon yo poze (revelasyon yo) pa t janm ekri okenn kote? Ankouraje fanmi an pou yo aprann rekonèt ak swiv enspirasyon Lespri yo. Yo gen dwa ekri panse yo konsènan lapriyè nan journal yo.

JÈN YO

Koute enspirasyon yo

Istwa María Isabel Molina ekri

Yon jou swa jèn kouzin mwen an te kite kay la, konsa, m te prese al chèche kote l te ye. Pandan m t ap kondwi, mwen te priye pou Lespri a te ede m. M te konnen Bondye t ap reponn mwen, li tap dirije m,

epi m te eseye koute enspirasyon Lespri a. Men lè m pa t ka tande anyen, m te kòmanse santi m dezespere epi m te santi Lespri a pa t ap enspire m.

Malgre m te anvi ale pi lwen pou al chèche, m te gen santiman ke m ta dwe rete nan zòn bò lakay kouzin mwen an. Konsa, m te deside pou m te kondui fè tou zòn nan ankò. Pandan m te kanpe nan yon kafou, m te wè yon jèn tifi ki t ap mache. M te jwenn kouzin mwen an.

Pandan m te soti nan machin nan epi m te kouri al jwenn li, m te reyalize sete Lespri a ki t ap dirije m pandan tout tan an, ki tap ede m santi m ta dwe rete nan menm zòn nan. Paske m t ap chèche koute yon ti vwa trankil, mwen te prèske inyore enspirasyon Lespri a. Lè sa a, m te vin konprann ke anpil fwa nou gen dwa pa tande yon vwa, men n ap santi enpresyon nan kè nou.

M te rekonesan anpil pou direksyon Lespri a. Reyèlman, Li toujou la! Jan ekriti yo di a: “Sentespri a ap konpayon ou tout tan” D&A 121:46).

Si nou diy pou resevwa direksyon Lespri a epi nou pote atansyon, nou kapab vin enstriman nan men Bondye pou fè byen pou anpil moun. Avèk konpayi konstan Lespri a, n ap konn ki fason pou nou fè.

TIMOUN

Yon eksperyans lapriyè

Prezidan Eyring anseye ke priyè yo kapab resevwa repons nan plizyè fason. Ou gen dwa fè eksperyans lè wap fouye ekriti yo pou dekouvri kèk nan fason sa yo.

Chèche chak ekriti ki anba la a. Nan journal ou, ekri kèk mo pou dekri kisa ekriti sa yo di sou repons pou lapriyè.

Nan journal ou, ou gen dwa ekri pwòp eksperyans pa ou apwopo repons ou te resevwa pou priyè ou yo tou.

Jan 14:26

Doktrin ak Alyans 6:22–23

Doktrin ak Alyans 8:2

Doktrin ak Alyans 9:8–9

Pwovèb 8:10–11

© 2013 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon Anglè: 6/12. Apwobasyon tradiksyon: 6/12. Tradiksyon *First Presidency Message, January 2013*. Haitian Creole. 10661 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Travay misyonè

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite l avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

Sen Dènnye Jou yo aple pou yo “travay nan jaden [Senyè a] pou sali nanm lèzòm.” (D&A 138:56). Sa enplike travay misyonè. Nou pa bezwen resevwa yon apèl misyon ofisyèl pou nou pataje levanjil la. Moun ki pral resevwa benediksyon levanjil la nan lavi yo a bò kote nou, epi si nou prepare tèt nou, Senyè a ap itilize nou. Enstriktris nan fwaye yo kapab andose responsablite esprityèl yo epi ede “reyalize imòtalite ak lavi etènèl lèzòm” (Moyiz 1:39).

Lè Pwofèt Joseph Smith te òganize Sosyete Sekou a an 1842, li te di ke fi yo t ap gen non sèlman pou veye sou pòv yo men pou sove nanm moun tou.¹ Sa toujou rete objektif nou.

Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan te di: “Senyè a . . . konfye yon temwayaj laverite nan men moun ki vle pataje l avèk lòt yo.” “Plis toujou, Senyè a ap atann pou manm yo nan Legliz Li a ‘louvri [bouch yo] tout tan, pou deklare levanjil [Li] a avèk yon vwa

lakontantman’ (D&A 28:16). . . . Pa fwa yon senp fraz temwayaj kapab deklanche bagay ki afekte lavi yon moun pou letènite.”²

Ki soti nan ekriti yo

Doktrin ak Alyans 1:20–23; 18:15; 123:12

Ki soti nan Istwa nou

Istwa Olga Kovářová nan ansyen Chekoslovaki a se ekzanp travay misyonè yon manm te fè ke nou tire nan istwa Sosyete Sekou. Nan lane 1970, Olga t ap etidye pou l vin doktè epi li te anvi pou lavi l vin pi plis esprityèl. Li te remake yon granmoun 75 zan ki te rele Otakar Vojkůvka, kit te yon Sen Dènnye Jou. Li te di: “Granmoun nan sanble li gen 75 zan nan laj, men, nan ke li li plis sanble l gen 18 tan epi chaje ak lajwa”. “Sete yon bagay ki te eksepsyonèl anpil nan Tchecoslovaki nan epòk sinik sa a.”

Olga te mande Otakar ak fanmi li kijan yo te fè gen lajwa konsa. Yo te prezante l bay lòt manm nan Legliz

la epi yo te ba l yon Liv Mòmmon. Li te prese li l epi byen vit li te batize epi konfime. Depi lè sa a Olga rete yon enfliyans pou sa ki byen nan yon mond ki te plen opresyon politik ak pèsekisyon relijye. Li te sèvi kòm prezidant Sosyete Sekou nan ti branch li a epi li te ede sove nanm lòt moun kote l te mennen yo vin jwenn Kris la.³

NÒT

1. Gade *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 453.
2. Dieter F. Uchtdorf, “Waiting on the Road to Damascus,” *Liahona*, Me 2011, 76–77.
3. Gade *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 92–95.

Kisa M Ka Fè?

1. Èske m swiv enspirasyon Sentespri a lè m ap pataje temwayaj mwen avèk sè m p vizite yo?
2. Nan ki fason m ap ede sè m ap vizite yo aprann l evanjil la?

Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.